



Plusieurs voix s'élèvent contre le décret du 7 janvier 2016 de l'ancien président Michel Martelly qui prévoit de céder l'ensemble des droits de propriété de l'Etat haïtien sur une partie de l'île de la Gonâve, en implantant un Centre financier international à l'intérieur d'un périmètre d'environ cent kilomètres carrés (100 km²) pour la construction d'une ville nouvelle pour les besoins des activités du projet. Lisez ci-dessous une note de dénonciation en créole du Kolektif Jistis Min (KJM).

Nòt denonsyasyon Dekrè 7 janvyè 2016 la ki likide zile Lagonav

Kolektif jistis Min (KJM) ap denonse ak tout fòs li likidasyon zile Lagonav pou fè Sant finansyè entènasyonal. Apre ansyen Prezidan rejim Tèt Kale a, Michel Martelly ak ansyen Premye Minis li, Laurent Lamothe te mete deyò nan dat 10 Me 2013 la yon Arete kote yo te pouse do plis pase 15 mil moun k ap viv sou zile llavach, jounen jodi a se sou Lagonav anvan l ale li likide, kote nan yon Dekrè ki sòti 7 janvyè 2016 la, yo likide 100 kilomèt kare nan zile sa a pou fè Sant Finansye Entènasyonal, san konte kantite Konpayi Petrogaz Haiti genyen pou l fè rechek sou petwòl.

Nou pa gen dout, dekrè sa rantre nan yon plan global pou louvri vant peyi a bay kapitalis etranje yo pandan boujwazi pa bò isit ap sevi yo koutye. Lè n konsidere gouvènman Martelly a ak Biwo Min ak Enèji (BME) deja likide 52 pèmi bay yon seri konpayi minye ki evalye ak 3138 kilomèt kare nan Nò, Nòdès ak Nòdwès, san kote lòt pèmi yo bay yon seri lòt konpayi ki nan min enèjetik, non metalik nan yon peyi ki mezire 27.750 kilomèt kare epi ki gen plis pase 10 milyon moun kap viv sou li. Sa moutre aklè enterè Gouvènman Tèt Kale a depi lè l moute se likide tout resous peyi a genyen tankou : min yo, zile yo, epi pwofite kreye sityasyon latroublay politik pou likide yon seri bagay san pèsonn pa konnen. Lè n konsidere Biwo Min ak Enèji (BME) ki pa sispann likide kontra bay yon seri konpayi etranje andeyò lalwa malgre rezolisyon Sena ak epi ki pwofite pandan pat gen Palman pou bay Petrogaz-Haiti yon seri kontra nan Gantye ak Lagonav ak lòt kote ankò epi bay 2 konpayi Bèlj yon pèmi eksplwatasyon yon min siman nan seksyon kominal Lapyè nan Gonayiv.

Dekrè sa se yon prèv anplis pou moutre kijan Prezidan Martelly pat respekte mo li, lè n konnen gen yon akò politik li te siyen pou l te pibliye sèlman Dekrè Elektoral la. Sa moutre kouman gouvènman Martelly-Lamothe-Paul la drive anba pye 8.1 ak 36.5 konstitisyon 1987 la. Sepandan atik 4, 6, ak 56 dekrè sa a bay kat blanch ak etranje sant finansye yo sou domèn fonsye espas la san okenn dedomajman pou moun k ap viv nan kominote a. Atik 54 la pwoteje tout etranje k ap travay nan sant lan pou pa peye frè dwanye ak okenn taks kote se sèlman anplwaye ayisyen k ap gen pou peye taks. Nan atik 96 ak 98 la se tèt chaje, kat Blanch nèt pou sosyete finansye entènasyonal yo ki pap peye okenn taks sou diferan tranzaksyon y ap gen pou fè tankou sou valè anplis yo rantrè, lajan yo prete lòt enstitisyon elatriye. Kidonk se sèlman pèsonèl ayisyen ki pral gen pou peye taks anndan pwojè sa san n pa bliye pap gen okenn dedomajman pou moun y ap ekspwoprye nan kad pwojè sila malgre lalwa peyi Dayiti egzije sa a. Yon lòt kote dekrè a livre tout resous ki anlè ak anba tè espas sa ak nouvo pwopriyete sa yo, yon demach ki kontrè ak atik 36.5 konstitisyon 1987 la. Kidonk pwopriyete sa yo ap deside fè sa yo pi pito ak resous yo si nou konsidere sa ki di nan atik 57 dekrè a. Malerezman ou gentan tande yon pil move koutye ki gentan ap pwononse yo sou bon kote pwojè kolonyal sa a.

Pa gen anyen ki di konbyen lòt Dekrè ki soti toujou. Nan sans sa, n ap sonnen lanbi mobilizasyon nan tout kat kwen peyi a kont Dekrè lanmò sa. Sak te pase llavach la pap pase Lagonav. Moun Lagonav menmjan tankou sa te pase nan llavach, leve kanpe kont dekrè lanmò sa. Nap sonnen lanbi leve kanpe a nan kat kwen peyi a, nan tout zile peyi a, nan tout òganizasyon konsekan, òganizasyon popilè ki granmoun tèt yo, ann fèmen baryè a, ann bare lakou nou kont tout move atoufè lokal, tout atoufè etranje, tout atoufè ki nan Leta ayisyen ak nan sektè prive a.

ZILE YO PA POU VANM NI ANGWO NI ANDETAY !!!

ILAVACH, LAGONAV, LATÒTI PA POU VANN !!!!

PEYI A PA POU VANN !!!

Haïti : Non à la vente de l'île de la Gonâve (Note en Créole)

Écrit par FJP/HPN

Vendredi, 19 Février 2016 14:56

WI POU LAVI, NON AK PIYAJ PEYI A !!!!!

[1] KJM se yon inisyativ PAPDA, MODEP, Tèt Kole Tipeyizan Ayisyen, DOP, POHDH pran pou mache kontre tout oganizasyon, enstisyon ak patriyòt ki kwè richès peyi dAyiti dwe anba kontwòl epi sèvi enterè pèp ayisyen an pou batay kont piyaj resous natirèl nan peyi dAyiti.